

Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI ESPAS KOMINOTÈ FONDASYON
JUAN PABLO DUARTE A NAN WASHINGTON HEIGHTS**

***Ouvèti Sant Kominotè a Akonpli Angajman Depi Lontan Gouvènè a pou Onore
Eritaj ak Kilti Dominiken nan New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti Espas Kominotè Fondasyon Juan Pablo Duarte a (Juan Pablo Duarte Foundation Community Space) nan Washington Heights, ki sitiye andedan Estasyon Bis Pon George Washington lan. Ouvèti nouvo sant kiltirèl ak edikatif lan te selebre avèk yon dejene parad lavèy Jounen Dominiken an pou kominote a ak yon seremoni koupe riban.

"Kominote Dominiken an fè pati entegral tisi kiltirèl nou an epi espas kominotè sa a pral ogmante istwa Dominiken an nan New York nan bay sèvis enpòtan yo nan katye a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Misyon sant lan oryante sou konsantre epi tou li senbolik, nan reflekte kijan kòm Nouyòkè nou selebre divèsite nou nan tout Eta nou a."

"Nouvo sant kominote sa a nan Washington Heights pral sèvi kòm yon sant pou zèv atistik, istwa, ak kilti Dominiken pou abitan yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te pale nan evènman jodi a, te deklare.** "Nan New York, nou anbrase ak selebre divèsite nou an ki fè nou se Empire State lan. Pandan gouvènman federal lan ap kontinye atake dwa imigran yo, nou fyè pou asire aksè ak opòtinite egal pou tout pitit imigran ak fanmi yo."

Mwa out pase a, Gouvènè Cuomo te anonse sant kominotè a nan Washington Heights ta pral sitiye nan Estasyon Bis Pon George Washington ki transfòme resaman an epi li ta pral onore eritaj ak kontribisyon kominote Dominiken an yo nan Eta New York. Espas kominotè a pral akeyi atelye yo ak pwogram edikatif yo epi li pral sèvi kòm yon espas pou rankont kote òganizasyon yo kapab rankontre, travay epi pwomouvwa zèv atistik yo, kilti ak istwa Repiblik Dominikèn.

Eta New York te investi 1.8 milyon dola epi Port Authority a te kontribye ak 800,000 dola pou konplete espas kominotè a. Fondasyon an, ke lidè kominotè Laura Acosta ap dirije a, pral jere espas lan nan non kominote ak lòt òganizasyon san bi likratif yo.

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Espas kominotè sa a se anviwònman kote nou pral genyen opòtinite pou pataje tradisyon ak kilti nou. Se pa yon kowensidans ditou ke espas kominotè a sitiye andedan Pon ak Estasyon Bis George Washington lan, yon sant transpò ki te sèvi anpil imigran. Mèsì Gouvènè Cuomo, Port Authority New York ak New Jersey ak George Washington Bridge Development Venture LLC dèske yo sipòte kominote Dominiken an".

Laura Acosta, Direktè Egzekitif ak Kofondatè Fondasyon Juan Pablo Duarte, te deklare, "Mwen rekonesan epi mwen onore dèske Fondasyon an pral jere espas kominotè mèwèye sa a ki pral sipòte yon kominote ki te lite pandan plizyè ane pou genyen pwòp espas li pou devlope pwogram edikatif ak kiltirèl yo. Gras ak Gouvènè Andrew Cuomo ak Manm Kongrè Adriano Espaillat, 11 Out lan, nou te genyen yon Dejene Parad lavèy Jounen Dominken an ak koupe riban pou inogire yon espas kominotè ki te konsewa yon fason si bèl lan ki pral sèvi bezwen kominote nou an. Mèsi ak Port Authority New York ak New Jersey a ak George Washington Bridge Development Venture LLC a pou travay ak devouman enfatigab yo sa ki te asire ke espas kominotè sa a te vini yon reyalyte".

Rick Cotton, Direktè Ekzekitif Port Authority a, te deklare, "Ane pase, Gouvènè Cuomo te angaje li pou bati yon sant kominotè nan Estasyon Bis Pon George Washington lan. Nou fyè dèske ouvèti Espas Kominotè Fondasyon Juan Pablo Duarte a te kapab kowenside avèk selebrasyon parad Jounen Dominiken an pou kominote Washington Heights lan. Nou pa ka tann pou travay avèk Fondasyon Juan Pablo Duarte pou rann Espas Kominotè a yon resous vibran pou vwazen nou yo nan Washington Heights".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)